

# DISKRIMINASI TUMPRAP WANITA SAJRONE NOVEL *SUMINAR* ANGGITANE TIWIEK SA

**Tya Resta Fitriana**

Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah, Fakultas Bahasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya  
[tyaresta58@yahoo.co.id](mailto:tyaresta58@yahoo.co.id)

**Dr. Darni, M.Hum**

Dosen jurusan S1 Pendidikan Bahasa Daerah, Fakultas Bhasa dan Seni, Universitas Negeri Surabaya

## ABSTRAK

Novel *Suminar* iki nggambarake ngenani panguripane wanita ing kulawarga Jawa kang kaprabawan patriarki. Sistem budaya patriarki kang luwih nengeneke dominansine priya ing sawernane aspek panguripan, mligine bebrayan minangka kalodhangan nuwuhake diskriminasi. Tumindak diskriminasi kang kagambar sajrone novel *Suminar* iki arupa tumindak deksiya utawa kekerasan. Panliten iki nggunakake tingingan feminisme kang mujudake panliten *kualitatif deskriptif*. Metode *deskriptif* digunakake kanggo ngrembug uga ngandharake gegambarane tumindak diskriminasi sajrone novel *Suminar* anggitané Tiwiek SA. Analisis dhata kang digunakake ing panliten iki yaiku *deskriptif analitik*. Teori kang digunakake kanggo nganalisis data yaiku teori feminisme *woman as reader* kang ngandharake citra lan stereotif utawa pandhangan negatif tumprap wanita sajrone sastra.

Asile panliten iki nuduhake lan nggambarake manawa wanita asring kena tumindak diskriminasi. Paraga wanita sajrone novel *Suminar* katilik saka perane ing masyarakat nggambarake peran minangka wanita tradhisional. Wanita kang nduweni peran tradhisional nduweni potensi kang gedhe nandang tumindak diskriminasi tinimbang wanita kang nduweni peran minangka wanita mandhiri. Wujude tumindak diskriminasi sajrone panliten iki yaiku kekerasan psikis lan penelantaran. Kekesan psikis arupa tradhisi jejodhoan kang weneh wewatean tumprap wanita milih calon jodhane uga arupa omongan kasar lan pungkasane penelantaran. Dene tumindake wanita kanggo mungkasi tumindak diskriminasi sajrone novel iki yaiku sing sepisan makarya lan kaping pindhane ningkatake intelektualitase.

**Tembung Wigati :** feminisme, diskriminasi, tumindak deksiya lan wanita

## PURWAKA

Karya sastra minangka dokumen budaya saka masyarakate. Karya sastra kang karipta ora bisa kapisahake karo kahanan masyarakat sakupenge, amarga pangripta mujudake perangan saka masyarakat mula faktor sejarah apadene kahanan sakiwa tengene melu urun nglairake karya sastra. Pengarang anggone ngripta karya sastra kejaba njupuk ide saka kahanan masyarakat sakupenge, uga menehi daya imajinasi lan kreatifitas tumprap reriptane. Cundhuk karo andharane Teeuw (1984: 228) kang ngandharake manawa antarane sastra lan kanyatan nduweni sesambungan. Apa kang dumadi ing realita asring dadi ide tumprap pengarang kanggo nggambare realita ing reriptan sastrane. Mula saka kuwi nalika ana isu ngenani diskriminasi lan tumindak kekerasan mligine kang ditandang dening wanita ing masyarakat, kadadeyan iki mrabawani tumprap laire novel-novel utawa reriptan sastra liyane sing ngangkat isu ngenani diskriminasi.

KBBI (1991:334) ngandharake manawa diskriminasi yaiku pamedane tumindak marang warga

negara (adhedhasar werna kulit, golongan, suku, ekonomi, agama lsp). Diskriminasi uga bisa diwastani minangka pamedane tumindak marang individu adhedhasar gender, ras, agama, umur utawa karakteristik liyane. Dadi tumindak diskriminasi bakune minangka pamedane tumindak marang pawongan tartamtu. Tumindak diskriminasi akeh tumiba marang pawongan utawa saklompok pawongan kang kapinggirake mligine wanita. Anane tumindak diskriminasi kang tumiba marang wanita sajrone novel *Suminar* iki minangka gambarane isih cakete wanita karo tumindak kaya mangkono.

Adhedhasar kanyatan sosial kasebut, panliti ngupaya ngonceki praktek diskriminasi kang kagambar sajrone novel *Suminar* anggitané Tiwiek S.A kang nyritakake ngenani panguripane wanita Jawa. Novel *Suminar* kapilih dadi objek panliten amarga ngandharake emansipasi wanita lumantar paraga *Suminar*. Gambaran iki cetha nalika *Suminar* gelem nolak anane jejodhoan antarane *Suminar* lan kontraktor saka kutha kang aran

Indarto. Tumindake Suminar iki sejatine tumuju ing feminisme amarga dheweke nduweni pepinginan yen wanita nduweni hak kanggo milih jodhone. Kejaba kuwi sajrone novel Suminar uga ngandharake anane tumindak deksiya tumrap wanita kang dilakoni dening wong lanang. Kamangka tumindak deksiya minangka wujud kang nyata saka anane tumindak diskriminasi (Darni,2012:9).

Sawernane tumindak diskriminasi tumrap wanita nglairake *tumindak deksiya* tumrap wanita. Tumindak deksiya minangka wujud kang nyata saka anane tumindak diskriminasi (Darni,2012:9). Kontruksi gender kang asipat patriarkat mapanake wanita minangka pihak kang *inferior* lan kudu ngalah marang priya. Pamedane gender dadi penyebab nuwuhake tumindak tumindak deksiya.

Luhumina (sajrone Darni,2012:10) ngandharake yen dominasi lan diskriminasi minangka ketimpangan historis sing bisa dadi pepalang tumrap kemajuane wanita lan nyengkuyung anane tumindak deksiya. Tumindak deksiya yaiku serangan fisik lan mental tumrap pawongan tartamtu cundhuk karo andharane Hayati (2000:28) kang ngandharake manawa tumindak deksiya yaiku sakabehe tumindak verbal lan non verbal dening pawongan tartamtu kang nyebabake efek negatip tumrap fisik, emosional lan psikologis. Dadi tumindak deksiya minangka tumindak kang bisa nyebabake dampak negatip tumrap fisik utawa psikise pawongan kang nandang tumindak tumindak deksiya.

Tumindak deksiya sajrone rumah tangga utawa KDRT arupa tumindak deksiya fisik, tumindak deksiya psikis, tumindak deksiya seksual lan penelantaran (Wiyatmi, 2012:210). Tumindak deksiya fisik yaiku tumindak kang bisa nyebabake tatu marang wong liya kanthi sengaja. Tumindak deksiya fisik bisa arupa disadhuk, dijambak lan sawenane tumindak kang bisa nuwuhake tatu ing badan. Tumindak deksiya psikis yaiku tumindak utawa omongan kang bisa nyebabake rasa wedi utawa tekanan psikis marang wong liya. Tekanan psikis bisa arupa ukara-ukara kang kasar. Tumindak deksiya seksual yaiku tumindak arupa *pemaksaan* sesambungan seksual sing ora wajar kanthi ancas kanggo kapentingan komersil. Penelantaran yaiku tumindake pawongan sing nelantarake anggota kulawargane kamangka dheweke nduweni tanggungjawab tumrap pawongan kasebut.

Wanita sing asring nandang tumindak diskriminasi arupa tumindak deksiya iki nglairake pepingnane wanita kanggo luwar saka sawerane tumindak kasebut. De Beauvoir (sajrone Ollenburger & Moore, 2002: 32) ngandharake yen ana 3 strategi wanita bisa luwar saka tumindak tumindak deksiya utawa diskriminasi : *Sepisan*, wanita kudu nduweni pakaryan. Wanita sing nduweni pakaryan kaanggep bisa ngontrol nasibe dhewe.

*Kapindho*, wanita perlu dadi intelektual. Andharan iki bisa ditegesi yen wanita kudu nduweni latar pendhidhikan kang dhuwur. Wanita kang nduweni latar pendhidhikan kang dhuwur potensi anane tumindak diskriminasi bisa disuda. *Katelu*, wanita kudu nduweni wilayah sesrawungan kang amba (sosialis).

Tumindake wanita kanggo luwar saka dominasine priya iki minangka wujud saka feminisme. Ratna (2010:184) ngandharake manawa feminisme minangka gerakan modern lair ing abad 20 kang dipandhegani dening Virginia Woolf sajrone bukune *A Room of One's Own* (1929). Feminisme minangka gerakan sing terorganisasi kang merjuwangake hak-hak lan kepentingane wanita kang gegayutan karo prekara konflik kelas lan ras, mligine konflik gender. Tegese, antarane konflik kelas lan feminisme nduweni asumsi-asumsi sing salaras. Saka andharan iki bisa diwastani yen feminisme kuwi minangka gerakan kaum wanita sing nandang *marginalisasi*, *subordinasi* lan nandang tumindak sing sawenang-wenang dening priya ing sawernane bidhang panguripan kayata politik, ekonomi lan sosial.

Perjuwangan wanita nuntut persamaan hak uga ana ing Indonesia. Pelopor gerakan emansipasi ing Indonesia yaiku R.A Kartini. Kahanane wanita nalika durung ana gerakan emansipasi isih ana wewatesan antarane priya lan wanita ing saperangan bidhang panguripan kayata pendhidhikan. Wanita anggone oleh pendhidhikan amung diwatesi saka kulawarga trah ningrat. Ora mung mandheg ing bidhang pendhidhikan, ing perangan bidhang panguripan liyane uga cetha anane wewatesan kuwi. Kartini sing asli trah ningrat bisa ngangsu kawruh luwih tinimbang liyane. Saka perjuwangane Kartini, wanita nalika jaman kuwi diwenehi kalodhangan kanggo ngangsu kawruh.

Gerakan feminis ing Indonesia mijil amarga anane daya pangaribawa saka budaya patriarki sing isih dadi dominasi ing budaya kita. Struktur masyarakat patriarki mapanake kekuwasane ing tangane priya, kanthi langsung kahanan iki bakal mapanake wanita minangka pihak kang minoritas. Mula saka kuwi diandharake yen wanita kuwi dibedakake kanthi *kultural* dudu hakikat (Ratna, 2010: 187). Ing kulawarga patriarki priya minangka pihak kang dominan, tegese priya nguwasani wong wadon kanthi sawernaning cara lumantar sistem kasebut.

Panliten iki nggunakake titingan feminisme mligine teori kang diandharake dening Showalter ngenani kririk sastra aliran woman as reader. Sugihastuti (2010:19) ngandharaken manawa woman as reader yaiku maca kanthi rasa sadhar mbongkar praduga lan ideologi patriarkat. Kritik feminis kanthi aliran iki bakal ngandharake kajian citra lan stereotif utawa pandhangan

negatif tumrap wanita sajrone sastra (Wiyatmi, 2012: 25).

Panliten iki dipunjerake ing analisis tumindak-tumindak deksiya tumrap wanita. Wujud tumindak tumindak deksiya tumrap wanita cundhuk kaliyan andharane Wiyatmi (2012:210) merang tumindak tumindak deksiya dadi papat yaiku tumindak deksiya fisik, tumindak deksiya psikis, tumindak deksiya seksual lan penelantaran. Dene carane wanita mungkasi tumindak tumindak deksiya kang diandharake dening De Beavoir (sajrone Ollenburger & Moore, 2002: 32) kang ngandharake manawa ana 3 strategi wanita bisa luwar saka tumindak tumindak deksiya utawa diskriminasi. *Sepisan*, wanita kudu nduweni pakaryan. Wanita sing nduweni pakaryan kaanggep bisa ngontrol nasibe dhewe. *Kapindhho*, wanita perlu dadi intelektual. Andharan iki bisa ditegesi yen wanita kudu nduweni latar pendhidhikan kang dhuwur. Wanita kang nduweni latar pendidikan kang dhuwur potensi anane tumindak diskriminasi bisa disuda. *Katelu*, wanita kudu nduweni wilayah sesrawungan kang amba (sosialis).

## METODHE

Panliten ngenani *Diskriminasi Tumrap Wanita sajrone Novel Suminar anggitané Tiwiek SA* nggunakake metodhe kualitatif kang asipat dheskriptif. Metodhe kualitatif yaiku metodhe kang digunakake sajrone panliten kang diwatesi dening fakta-fakta sosial. Fakta sosial minangka fakta-fakta kang diandharake dening sawijining subjek (Ratna, 2009:47). Metodhe kualitatif kang asipat dheskriptif utawa biyasa diarani metodhe kualitatif dheskriptif tegese dhata kang dititingi lan asil tintingane awujud fenomena, ora awujud angka-angka utawa koefisien kang ana gegayutane karo variabel (Aminuddin, 1990:15).

Sumber dhata yaiku subjek asal saka dhata kang dijupuk (Arikunto, 2006:129). Cundhuk karo apa kang diandharake dening Ratna (2009: 47) sumber dhata sajrone ilmu sastra arupa karya, naskah lan dhata panliten. Sumber dhata ing kene bisa dibedakake dadi loro yaiku primer lan sekunder. Sumber dhata primer arupa reiptan sastra sing bakal dikaji utawa dianalisis. Ing panliten iki nggunakake novel *Suminar* anggitané Tiwiek SA diterbitake dening Elmaterra Publishing. Sumber dhata sekunder arupa buku-buku referensi artikel, laporan penliten kang relevan karo undherane panliten.

Teknik analisis dhata kang digunakake sajrone panliten iki yaiku dheskriptif analitik. Teknik dheskriptif analitik yaiku analisis kang ditindakake kanthi cara ngandharake *fakta-fakta*, banjur diterusake tahap analisis (Ratna, 2009:53). Teknik analisis dheskriptif digunakake amrih bisa njlentrehake kanthi cermat, titi, lan jero

tumrap dhata-dhata *faktual* lan *akurat* ngenani fakta-fakta, uga gegayutan karo *fenomena* kang ana sajrone objek tintingan kanthi menehi *pemahaman* kang cukup.

## ANDHARAN

Ing bab iki bakal diandharake asiling panliten ngenani gegambarane diskriminasi tumrap wanita lan tumindake wanita kanggo mungkasi tumindak diskriminasi sajrone novel *Suminar* anggitané Tiwiek SA.

Salah sawijine wujud diskriminasi tumrap wanita yaiku anane tumindak deksiya. Praktik tumindak deksiya ing kulawarga Jawa disengkuyung dening ideologi patriarki kang isih subur ing bebrayan Jawa. Sistem patriarki sing mapanake wanita minangka pihak kang lemah dadi objek tumindak tumindak deksiya kejaba kuwi patriarki mapanake wanita mung minangka pelengkap. Sistem patriarki kang mapanake priya minangka pimpinan ing kulawarga ndadekake wanita kudu tansah tunduk lan patuh marang priya (Darni, 2012:12).

Patriakhi digunakake kanggo nggambarake dominasine priya tumrap wanita lan anak-anak sajrone kulawarga lan pungkasane prinsip iki lumaku ing masyarakat umum (Mosse,2003:64-65). Struktur sosial masyarakat Jawa sing patriarki lan prinsip uripe wong Jawa yaiku prinsip rukun, hormat lan toleransi menehi kalodhangan kang gedhe anane tumindak tumindak deksiya tumrap wanita. Tumindak deksiya sajrone novel *Suminar* iki yaiku arupa deksiya tumrap jiwa uga penelantaran. Tumindak deksiya tumrap jiwa iki diperang dadi loro yaiku tradhisi jejodhoan lan omongan kasar.

### 1) Tumindak Deksiya Tumrap Jiwa

Tumindak deksiya tumrap jiwa yaiku saben tumindak utawa omongan sing ndadekake anane rasa wedi, tekanan batin lan tekanan psikis (Wiyatmi, 20012:211). Tumindak deksiya tumrap jiwa bisa arupa omongan kasar lan ancaman. Tumindak deksiya psikis utawa psikologis iki bisa nuwuhake rasa isin lan rasa wedi sing bisa weneh pepalang tumrap kemajuane wanita (Mosse, 2003:76). Wanita ora bisa ngembangake potensi kang ana amarga isih ana ing dominasine priya.

Tumindak deksiya psikis sajrone novel *Suminar* iki diperang dadi loro yaiku tradhisi jejodhoan lan omongan kasar. Jejodhoan kalebu tumindak tumindak deksiya psikis amarga kanthi ora langsung wong tuwa wis matesi kabebasanane anak kanggo milih jodhone. Anak dipeksa nuruti kekeparepane anake sanajan anak ora nresnani calone kasebut kejaba kuwi anane pamedane tumindak antarane wanita lan priya ing babagan jejodhoan uga dadi faktor kang nyengkuyung jejodhoan minangka wujud saka tumindak diskriminasi. Priya nduweni kalodhangan

milih calon jodhone nanging wanita diwatesi nurut kekeparepane wong tuwane.

### Tradhisi Jejodhoan

Neningkahan sajrone kulawarga Jawa asipat parental ateges mayoritas neningkahan ing kulawarga Jawa diatur dening wong tuwa. Wong tuwa sing nduweni kuwasa kanggo milih calon jodhone lan nemtokake dina neningkahane (Geertz,1985:58). Nanging ora sakabehe kulawarga Jawa nglakoni praktek jejodhoan, awit amung kuwarga kang isih ana daya pangaribawa patriarki sing bakal nglakoni neningkahan kanthi jejodhoan iki. Praktik jejodhoan ing kulawarga Jawa iki bisa kalebu wujud tumindak diskriminasi.

Geertz (1985:56) ngandharake manawa ing babagan neningkahan anak kudu manut marang apa kang dadi pilihane wong tuwane. Wong tuwa minangka pribadhi sing banget dikormati, wong tuwa nduweni kalungguhan setengah religius lan menawa anak nentang wong tuwa bakal dosa utawa kuwalat (Handayani & Noviyanto, 2004:95-96). Pamawas iki sing nyebabake anak ora bisa nentang apa kang dadi keputusane wong tuwa. Semono uga sing dilakoni dening Suminar paraga sajrone novel *Suminar* iki.

Jejodhoan kang lumaku ing mayoritas kulawarga Jawa iki minangka bentuk saka diskriminasi. Wong tuwa sing njodhokake anak wadone weneh wewatesan tumrap wanita kanggo milih jodhone. Anane pamawas yen anak kudu manut marang keputusane wong tuwa minangka pepalang anggane anak bisa luwar saka dominasi wong tuwa mligine ing babagan milih jodhone. Wujud dominasi wong tuwa ing babagan jejodhoan katilik saka pethikan ing ngisor iki.

Yu Parti sasat ora kanten ngenteni tekane Suminar. Kaya arep disusul-susula. Kabar apik kuwi kudu enggal dingreteni. Lan Yu Parti yakin, anake mesthi seneng krungu pawarta kasebut. Lha ya sapa sing ora seneng. Suminar mono najan ayu lan diwe ijazah SMA nanging rak mung bocah desa. Kathik anake warandha ora sugih. Lha kok arep dipek bojo wong kutha. Mangka jarene, si Indarto sing arep ngepek kuwi saiki sugih banget. (Tiwiek, 2012:7)

Yu Parti sing nduweni panganggep manawa Suminar bakal seneng yen oleh bojo wong sugih. Keyakinane Yu Parti yen Suminar bakal gelem direngkuh dadi bojone wong sugih minangka gambaran isih kuwate dominasi wong tuwa marang anak. Pamawae Yu Parti ing dhuwur uga ngandharake kanthi ora langsung yen isih ana ketergantungan wanita marang priya. Wanita diaajib bakal mulya nalika dheweke bisa sesandhingan karo wong kang sugih lan mapan lan kanthi ora langsung kulawarga liyane uga bakal nempil kamulyane.

Pamikiran –pamikiran iki nggambarake wanita kanthi peran tradhisional.

Suminar sing nrima jejodhoan kuwi minangka wujud diskriminasi. Awit anane pamedane tumindak antarane Suminar lan Indarto ing babagan milih jodhone cundhuk karo konsep diskriminasi yaiku anane pamedane tumindak. Kulawarga Jawa nduweni sistem kulawarga kang sipate parental. Indarto minangka priya duwe kalodhangan kang gedhe kanggo milih calon jodhone. Dene Suminar minangka wanita mung manut apa kang dadi kekeparepane wong tuwa. Wanita dipapanake minangka pihak kang *inferior* sajrone kulawarga patriarki.

Feminisme kang diandharake lumantar paraga Suminar isih arupa ide utawa pamawas kang ora diwedharake kanthi langsung. Panolake Suminar marang tradhisi jejodhoan ing kulawargane minangka tandha anane pamawas yen wanita uga nduweni hak kanggo milih calon jodhone. Nanging apa kang diupayakake dening Suminar kasebut ora kalebu gerakan feminis radikal. Suminar nuntut anane keadilan tumrap jejodhoan kang ngrugekake wanita, nanging Suminar minangka anak ora wani nentang apa kang dadi keputusane Yu Parti kaya pethikan ing ngisor iki.

“Mak, ora ateges aku mancahi guneme Emak. Apuranen tembungku sing kasar. Ning pancen ora sapantese yen emak njur ngelek-elek Mas Teguh. Mas Teguh pancen wong mlarat. Mas Teguh pancen pengangguran. Ning dheweke ki wong apik. Biyen olehe nembung kepengin ngopeni aku ya kanthi apik-apik. Mung salahe, saploke pamit lunga golek gaweyan neng kutha kok nganti saiki rung eneng kabare,” ujar Suminar alon semu ngondhok-ondhok (Tiwiek, 2012:11)

Apa kang diandharake Suminar ngenani jejodhoan ora bisa ngalahi tradhisi lan adat. Suminar kepeksa nrima panglamare Indarto awit yen dheweke nulak bakal nggawe gela atine Yu Parti. Suminar minangka anak luwih mentingake baktine marang wong tuwa tinimbang sipat egone dhewe. Suminar uga nduweni pamawas menawa kanthi nrima panglamare Indarto dheweke uga bisa melu nyenengake Yu Parti lan adhine.

Sistem kulawarga patriarki mapanake wong lanang utawa bojo dadi pihak kang dominan. Bojo sing nduweni kuwajiban golek sandhang pangan ing sektor publik kanggo kulawargane lan wong wadon kudu nrima pakaryan ing sektor domestik utawa lingkup rumah tangga. Mula saka kuwi, wanita ora bisa mandhiri ing bidhang ekonomi amarga ing bidhang ekonomi kanggo nyukupi kabutuhane isih gumantung marang priya. Kahanan iki sing bisa nyebabake wanita rawan oleh tumindak tumindak deksiya lan dipandhang asor dening

wong lanang kaya kang wis digambarake sajrone cuplikan ing ngisor iki.

“Pak, panjenengan tega dhateng Ibu? Mbok inggih dipunapunten ta Pak. Mesakaken, napa melih Ibu saweg ngandheg....”

“Huh, kokkira sing digembol kuwi wijiku? Keselak mokal Jan! Genah kuwi wijine si bangsat Wiyono! Nggo apa aku ngingu wong reged kaya dheweke?” wangsulane Indarto atos lan nglarakake. Parjan gedheg-gedheg. Bola-bali ngulu idu. (Tiwiek, 2012:72)

Ideologi ngenani pamerange pakaryan ing sektor publik lan privat utawa domestik dadi sebab anane ketimpangan gender. Sektor publik kayata pamarintahan, pendhidhikan, bisnis lan sapanunggalane didominasi dening priya lan sektor privat kayata pakaryan rumah tangga didominasi dening wanita. Pamerange pakaryan iki uga dumadi sajrone novel *Suminar*. Suminar sing mung dadi *ibu rumah tangga* lan Indarto minangka kontraktor sukses dadi wujud anane ketimpangan gender. Pamawas iki nguwatake kesan yen wanita ora mungkin nglakoni pakaryan ing sanjabane sektor domestik. Pamawas iki uga ngenani patriarki cetha kagambarake, saengga kanthi ora langsung wanita diremehake dening priya amarga ora bisa nyukupi kabutuhane dhewe.

Praktik jejodhoan tumrap wanita ing kulawarga Jawa kang kagambar lumantar novel *Suminar* iki minangka tandha isih rakete wanita marang dominasine wong tuwa lan bojo. Wanita kudu manut marang apa kang dadi keputusan wong tuwa ing babagan milih jodho lan ing lingkup bebrayan kudu tansah manut marang bojone.

Wanita dipapanake ing sektor domestik yaiku ngurusi rumah tangga lan priya ing sektor publik. Pambedane pakaryan iki bisa wae nuwuhake ketimpangan gender. Nanging saperlu ditegesi menawa pamerange pakaryan antarane wanita iki ora bakal nuwuhake tumindak deksiya saiba ora nuwuhake ketimpangan gender. Tumindak deksiya kang dumadi sajrone kulawarga minangka dampak anane *ketimpangan* pamawas ngenani peran-peran sosial antarane wanita lan priya ing masyarakat. Ketimpangan gender iki sing bakal nuwuhake stereotif tumrap wanita kang nyebabake wanita asring diremehake lan nandang tumindak diskriminasi mligine tumindak tumindak deksiya tumrap wanita.

### 1) Omongan kasar

Omongan kasar sajrone novel *Suminar* iki kalebu salah sawijine tumindak tumindak deksiya jiwa utawa psikis amarga omongan kasar kasebut nuwuhake anane tekanan psikis tumrap korbane. Omongan kasar kang kalebu tumindak tumindak deksiya psikologis ing kene

yaiku ukara-ukara kang ora patut lan sipate mitenah korbane. Mitenah bisa ditegesi ngala-ala liyan (Sudaryanto & Pranowo, 2001:593).

Siska wanita sing wis suwi nresnani Indarto mitenah Suminar yen wis tumindak sedheng karo Teguh. Panudhuhe Siska marang Suminar kuwi dikuwatake karo bukti potret. Suminar sing katudhuh tumindak sedheng, ora bisa kumecap apa-apa nalika ana bukti potrete dheweke lan Teguh. Potret kasebut nggambarake kemesraane Teguh lan Suminar ing mobil, nanging kahanan kanyatane Suminar amung guyon karo Teguh. Suminar ora nduweni niatan tumindak sing nerak wewatesan. Dheweke sadhar yen saiki kalungguhane minangka bojone Indarto, sanajan Suminar isih nresnani Teguh nanging dheweke sumpah bakal prasetya dadi sisihane Indarto.

Indarto sing kanepson pungkasane ora bisa nahan emosine. Indarto ora nggoleki bebener tumrap pawarta kasebut, malah Suminar sing ora ngerti apa-apa dijambak lan dibanting lan Indarto mitenah Suminar kanthi ukara-ukara kang kasar banget cundhuk karo pethikan sajrone novel.

“Wong wadon murahan! Wong wadon ra ngerti tata! Dhasar kere dhasar lonthe diopenana ya tetep nglonthe! Diampuuuu!” tembung kasare Indarto mbrudhul. Sajak durung marem, Suminar sing wis lempe-lempe nanging durung ngerti lupute iku dijambak rambute. Rekane arep dijotos raine. Parjan lan Yu Munah cancut. Bendarane sing lagi kurda digujer kenceng. (Tiwiek, 2012: 69-70)

Tembung-tembung kasar lan asipat mitenah kuwi katujokake marang Suminar. Ukara-ukara kang kawetu saka Indarto kasar banget. Tembung “wong wadon murahan, lonthe lan diampuuuu” kudune ora diomongake Indarto marang Suminar. Tembung-tembung kasebut ndadekake lara atine Suminar lan ukara-ukarane kang kasar nuwuhake rasa wedi lan tekanan psikis tumrap Suminar. Suminar sing oleh tumindak kang ora adil dening Indarto mung bisa nangis tanpa bisa nglawan. Sawernane tumindak tumindak deksiya kang dumadi sajrone bale somah minangka wujud ketimpangan gender. Sikap lan sipate wanita Jawa mligine sing luwih milih nerima lan meneng nyebabake akeh kasus sing ora bisa kalacak lan dadi sebab subure praktik tumindak deksiya. Tumindak deksiya psikologis kang kagambar lumantar pethikan ing dhuwur bisa dideleng saka ekspresine nangise Suminar sawise diudamana dening Indarto. Panudhuhe Indarto kang asipat mitenah liyane uga kagamabra lumantar pethikan ing ngisor iki.

“Nanging tenan Bu. Tanpa dakweruhi, lonthe kuwi main serong karo sopirku. Ora

mokal anak sing dikandhut ya anake sopir keparat kuwi!”(Tiwiek, 2012: 84)

Indarto sing wis tumindak kasar marang Suminar kanthi ukara-ukara kang kasar uga nudhuh Suminar minangka wanita ala. Tembung lonthe kang digunakake Indarto minangka bukti anane cap minangka wanita ala. Indarto nudhuh Suminar dadi “lonthe” potret kang nuduhake gambare Suminar lan Teguh durung mesthi benere. Indarto ora nggunakake nalare tumrap perkarane iki.

## 2) Penelantaran

Penelantaran kalebu tumindak diskriminatif amarga anane pambedane tumindak antarane Suminar lan Siska sing sawise oncat Siska dirabi dening Indarto. Penelantaran kang dirembug sajrone panliten iki yaiku penelantaran sajrone rumah tangga. Penelantaran sajrone rumah tangga yaiku tumindake pawongan kang nelantarake anggota kulawargane kamangka pawongan kasebut isih nduweni tanggungjawab kanggo menahi napkah marang kulawargane kasebut. Kejaba kuwi, wujud penelantaran liyane yaiku weneh wewatesan tumrap pawongan ing lingkup kulawarga sing nyebabakake anane ketergantungan ekonomi. (Wiyatmi, 2012:210-211).

Tumindak penelantaran sajrone novel Suminar anggitane Tiwiek SA iki dilokoni dening Indarto marang Suminar lan calon anake. Suminar ditundhung lunga dening Indarto amarga ditudhuh tumindak sedheng kamangkan nalika kuwi Suminar lagi ngandheg. Indarto minangka bojo lan wong tuwa kudune menahi *perlindungan* lan napkah tumrap Suminar lan calon anake nanging kanyatane beda, Indarto nundhung lunga Suminar amarga Indarto kena hasutane Siska sing nudhuh manawa Suminar wis tumindak sedheng.

Suminar ditundhung lunga dening Indarto nalika kahanane lagi ngandheg. Indarto uga nudhuh yen anak sing ing wetenge Suminar kuwi wijine Teguh, sopir anyare Indarto. Indarto sing nduweni tanggungjawab napkahi lan weneh perlingdhungan tumrap Suminar malah nggawe atine lara lan nundhung lunga. Indarto uga ora gelem ngakoni calon bayine. Kamangka kekerasan psikologis sing ditandang Suminar bisa menahi daya pangaribawa tumrap perkembangane bayi cundhuk karo pethikan ing ngisor iki.

“Masya Allah, Masss ... ! kok mentala panjenengan ngendika ngono. Minggat ya minggat. Nanging aku rak kudu ngerti apa luputku! Tudohna Mas, apa luputku?” (Tiwiek, 2012: 70)

Wujud penelantaran liyane kejaba panundhunge Indarto marang Suminar yaiku anane wewatesan tumrap wanita makarya ing sektor publik. Wewatesan iki uga

kagambar sajrone novel Suminar. Indarto sing wis mapan kanthi ekonomi ora ngidinake menawa Suminar uga melu nyambut gawe. Suminar cukup ing omah lan leladen apa kabutuhane bojo. Kamangka tumindak kuwi minangka wujud wewatesan sing bisa nyebabake wanita tansah gumantung marang priya. Wanita sing gumantung marang priya sejatine nduweni kalodhangan dadi korban kekerasan, amarga dianggep ora mandhiri lan priya nduweni kuwasa tumrap wanita. Kultur patriarkhat mapanake wanita mligine paraga Suminar minangka ibu rumah tangga.

Wewatesan kuwi sejatine ora dadi beban lan tekanan dening Suminar amarga karakter minangka wanita tradhisional wis caket ing pribadine Suminar. Pamerange pakaryan manawa wanita cukup ing sektor domestik lan priya ing sektor publik ditrima kanthi lila tanpa protes. Ideologi utwa paham patriarkhi sing wis ditandur dening wong tuwane Suminar menahi daya pangaribawa kang gedhe tumrap panguripane ing bebrayan.

Suminar sing wis disiya-siya dening Indarto ora kurang akal kanggo nyukupi sakabehe kabutuhane. Kawitane Suminar melu dagang Soto ing terminal Sala, papane saiki lan pungkasane dheweke bisa dadi pesindhen tetape Ki Mantep Sudarsono. Suminar bisa mbuktekake manawa wanita uga bisa mandhiri. Sanajan Suminar nduweni peran tambahan nanging peran utamane minangka ibu dilalekake dening Suminar. Andharan iki kaya pethikan ing ngisor iki.

Sing cetha, saploke Narotama lair, atine banget kalipur. Katresnane Suminar marang anak tunggale iku kasok banget. Apa maneh tan prabeda karo bapake, Narotama rupane bagus, pakulitane kuning tur katoe lantip. Mula Suminar prasetya sumedya nggula-wenthah getih daginge iku saapik-apike. (Tiwiek, 2012:142)

Saka pethikan kasebut digambarake manawa wanita sing mapan ing sektor publik kanthi ora langsung nduweni peran minangka wanita mandhiri ora bisa sautuhe ninggalake perane minangka ibu sing nduweni jejibahan menahi pendhidhikan uga tresna asih marang putrane. Gegambarane wanita Jawa ing dhuwur cetha ngandharake manawa wanita nduweni peran gandha.

Pethikan ing dhuwur uga nggambarake manawa gerakan feminis sajrone novel *Suminar* anggitane Tiwiek SA iki dudu kalebu feminis radikal ateges minangka gerakan kanggo nglawan pranata sosial utawa nglawan kodrate, nanging gerakan iki mligi wujud saka emansipasi. Gerakan feminisme ing novel iki minangka gerakan utawa upayane wanita supaya bisa luwar saka tumindak diskriminasi kang akeh tumiba marang wanita (Fakih sajrone Sugihastuti, 2010:63). Feminisme ing

novel iki uga dudu gerakan kang asipat nasional nanging isih winates gerakan individual dening paraga Suminar.

### 3) Tumindake Wanita kanggo Mungkasi Diskriminasi Sajrone Novel Suminar

Gerakan feminis kang kagambar sajrone novel Suminar iki minangka gerakan kang sipate emansipasi. Feminis dudu gerakan kang sipate nentang priya nanging luwih mligi ing gerakan kanggo mungkasi tumindak deksiya akibat anane ketimpangan gender. Dadi antarane wanita lan priya bisa dipandheng saajar. Gerakan feminis sajrone novel Suminar iki minangka akibat anane prasangka gender sing mapanake wanita minangka makhluk kelas loro (Sughastuti & Noviyanto, 2010:63)

De Beauvoir (sajrone Ollenburger & Moore, 2002: 32) ngandharake yen ana 3 strategi wanita bisa luwar saka tumindak tumindak deksiya utawa diskriminasi : *Sepisan*, wanita kudu nduweni pakaryan. Wanita sing nduweni pakaryan kaanggep bisa ngontrol nasib dhewe. *Kapindho*, wanita perlu dadi intelektual. Andharan iki bisa ditegesi yen wanita kudu nduweni latar pendhidhiakan kang dhuwur. Wanita kang nduweni latar pendidikan kang dhuwur potensi anane tumindak diskriminasi bisa disuda. *Katelu*, wanita kudu nduweni wilayah sesrawungan kang amba (sosialis). Feminisme radikal mawas manawa wujud perlawanan tumrap kulawargabisa wae kadadayan. Ollenburger & Moore, 2002: 40 ngandharake manawa wujud perlawane yaiku kanthi cara pamisahan wanita saka omah-omah kang kebak kekerasan. Pamisahan wanita saka lingkup kulawarga kasebut bisa dipandheng minangka wujud perlawanan manawa wanita bisa mandhiri sawise misah saka kulawarga kang kebak tumindak deksiya kejaba kuwi cundhuk karo pamawase feminisme liberal manawa peyabab penindhasan tumrap wanita amarga kurange kasempatan lan pendhidhikan kanthi individu utawa kelompok. Bisa didudut manawa cara mungkasi penindhasan tumrap wanita miturut feminisme liberal yaiku kanthi cara menahi peluang mligine ing babagan pendhidhikan uga ekonomi (Ollenburger & Moore, 2002:21). Ing ngisor iki bakal diandharake siji baka siji.

#### Makarya

Sawise oncat saka omah Suminar ngupaya golek pakaryan kaggo nyukupi sakabehe kabutuhane lan calon anake. Suminar kepengin ngilangi sakabehe bentuk sikap ketergantungan marang wong liya. Tujuwane sing baku saiki yaiku bisa nyukupi sakabehe kabutuhane lan calon anake carane yaiku kanthi makarya. Wanita kang ngupaya dadi mandhiri kudu nduweni tujuwan kang cetha. Tujuwan urip sing dimaksud yaiku makarya. Semono uga karo apa kang dilakoni dening Suminar sawise oncat saka omah.

Suminar ora bakal nduweni kalodhangan makarya manawa dheweke isih saomah karo Indarto. Indarto ora menahi palilah Suminar kanggo makarya awit sakabehe wis dicukupi dening Indarto. Keputusan Suminar oncat saka omah iki dirasa bener awit dheweke bisa ngembangake bakate lan bisa luwar saka dominasi lan sikap ketergantungan marang wong liya. Tumindake Suminar iki minangka wujud saka upayane Suminar mandhiri saengga ora gumantung marang wong liya. Andharan iki cundhuk karo pethikan ing ngisor iki.

“Ora kok ora doyan ngono, sayang. Malah sejatine ya luwih seneng. Ora ana critane kok wong lanang ora seneng mangsakane bojo! Aku percaya, masakane Jeng Minar luwih mirasa. Ning njur apa gaweyane Yu Munah? Dheweke wis kita gaji. Mesthine rak seneng manawa kakeyan nganggur.

“Yen aku ora pareng rerewang, genti aku sing kakean nganggur, Mas. Rasane ra kepenak. Wiwit cilik aku ki ora kulina nganggur!” (Tiwiek, 2012:42)

Faktor kang nyebabake wanita asring oleh tumindak diskriminasi yaiku anane sipate wanita sing isih gumantung marang wong liya lan sikap priya sing ora bisa ngormati wanita. Sipat ketergantungan wanita iki minangka kalodhangan kang bisa nuwuhake anane tumindak diskriminasi. Wanita dianggep ora bisa mandhiri mula wanita asring diremehake dening priya utawa wanita liyane sing bisa mandhiri. Kemadhiriane wanita iki ora ateges wanita bakal nentang wong lanang, nentang kodrate lan ora ngurus rumah tangga, nanging kemandhirian iki minangka kalodhangan tumrap wanita nuduhake pribadine, tanpa nglalekake peran lan kalungguhane minangka wanita.

Wanita sing makarya ing sektor publik minangka tandha anane usaha kanggo mandhiri. Wanita mandhiri yaiku wanita sing bisa nyukupi kabutuhane tanpa gumantung marang priya. Wanita kang nduwe peran minangka wanita mandhiri yaiku wanita sing nyambut gawe lan ora gumantung marang wong liya kanggo nyukupi kabutuhane kanthi nyambut gawe supaya wanita bisa luwar saka dominasi ekonomi kang asring ditandang dening wanita.

Wanita sing ambyur ing jagading publik kagambar lumantar paraga Suminar. Katilik saka settinge carita yaiku ing taun 80-an Suminar wis ambyur ing jagading kesenian mligine dadi pesindhen lan nyambi mbukak usaha dodolan bathik ing Pasar Klewer kamangka sadurunge dheweke amung ibu rumah tangga. Suminar ngupaya nggambarake wanita sing nduweni peran gandha yaiku ing omah (domestik) minangka ibu lan ing sanjabane omah (publik). Sakabehe upayane Suminar iki nggambarake anane feminisme.

Suminar sadurunge makarya lan isih nggantugake sakabehe marang wong tuwane ora bisa nemtokake nasibe dhewe. Sakabehe keputusan gumantung marang pihak dominan ing kulawarga. Sadurunge nikah, Suminar kudu nurut marang Yu Parti minangka wong tuwane lan sawise nikah, Suminar kudu nggantugake sakabehe marang Indarto minangka bojone, nanging sawise dadi pesindhen kondhang lan bisa mandhiri ing babagan ekonomi sakabehe bentuk ketergantugane Suminar kuwi bisa diilangi, cundhuk karo narasi novel ing ngisor iki.

Rumangsa wis duwe penghasilan ajeg, Suminar kelingan marang wong tuwa lan adhine. Biyen nalika isih urip bebarengan karo Indarto, saben sasi bisa kirim dhuwir marang wong tuwane. Nanging kepeksa macet nalika dheweke anyaran oncat lan urip mbatur. Saiki kuwajibane kasebut kudu dilestarekake maneh. Mula banjur diselangake amrih saben bubar tanggapan bisa kirim dhuwit marang wong tuwane.... (Tiwiek, 2012:142)

Wanita sing ora mandhiri ora bisa nemtokake nasibe dhewe. Kabukti nalika Suminar kepekasa nrima panglamare Indarto minangka wujud bektine Suminar marang Yu Parti lan nalika Suminar jejodhoan karo Indarto, Suminar ora nduweni kalodhangan kanggo makarya awit sakabehe kabutuhan wis dicukupi dening Indarto. Katilik saka bidhang ekonomi, wanita sing ora bisa mandhiri minangka sela wanita kena tumindak diskriminasi.

Wanita sing bisa golek sandhang pangan kanthi mandhiri ateges ora gumantung marang wong lanang ing babagan ekonomi luwih bisa nemtokake nasibe. Wanita sing tansah gumantung marang priya menehi kalodhangan anane tumindak kekerasan. Wanita kang nduweni peran minangka wanita mandhiri cundhuk karo ideologi feminisme. Feminisme sajrone novel Suminar iki dudu gerakan kang asipat radikal nanging mligi gerakan kanggo mungkasi anen ketimpangan peran antarane priya lan wanita kang bisa nuwuhake anane tumindak diskriminasi utawa asipat emansipasi.

Mangkono, ora rinasa rong taun wis linakon. Panguripane Suminar sansaya becik. Saka gemi nastiti ngati-ati sarta mugen tegene, celengane bisa nglumpukakeh. Dhuwit sing dicelengi kuwi sebageyan gedhe ya saka asile anggone nyindheni Pak Anom. Rinasa cukup banjur kanggo tuku lemah lan mbangun omah ing Panumping. (Tiwiek, 2012:143)

Cuplikan ing dhuwur minangka bukti yen sejatine wanita uga nduweni kemampuan mandhiri ing babagan ekonomi. Perane wanita ora mung mligi ngatur rumah tangga, nanging uga nduweni peran ing masyarakat kayata ing bidhang ekonomi. Cuplikan ing dhuwur yen diwawas saka pandhangan feminis, usaha kang dilakoni Suminar iki minangka wujud perlawanan tumrap kuasa

patriarki kang weneh wewatesan wanita ing sektor publik.

### **Intelektual**

Bab sing kapindho diandharake dening De Beauvoir yaiku wanita perlu dadi intelektual. Intelektual kang dimaksud gegayutan karo pendhidhikan. Babagan intelektual iki cundhuk karo andharane Darni (2012:136) kang ngandharake manawa tingkat pendhidhikan kang asor bakal mrabawani tumrap nasibe wanita. Pendhidhikan kang asor nyebabakake wanita ora bisa nggayuh pepinginane lan nemoni nasib sing kurang beruntung. Mayoritas wanita sing ora nduweni tingkat pendhidhikan kang dhuwur gampang kena tumindak kekerasan.

Faktor intelektual iki sejatine ora winates ing babagan pendhidhikan formal nanging uga ngenani kemampuane wanita kanggo mapanake awake ing pasrawungan. Suminar sing asli saka desa durung bisa mapanake ing pasrawungan kutha gedhe. Suminar lan ibune isih kaku ngadhepi tamu nalika dina nenikahane Suminar. Katilik saka latar sosial sing beda antarane Suminar lan Indarto dadi rerasane tamu ing pawiwahan kasebut. Siska sing nduweni rasa tresna marang Indarto ora trima manawa Indarto nenikahane karo Suminar. Siska manfaatake kalodhangan ing pawiwahan kasebut kanggo ngala-ala Suminar.

“Idih, ko-en iki cik usile Sis! Ana apa sih?” cluluke sing diajak guneman.

“Gak usil ngono Wul! Cumak kita kasihan. Gimana nantinya Mas Indar nglungguhna awak ndhuk pasrawungan,” Siska isih emoh kalah.

.....

“Deloken tah ika! Huh, aranmu arek ndesa! Salah tingkah! Hi. Hk! Ngono cik Mas Indarto kepati-pati se lehe ngeboti!”aloke Siska karo tuding-tuding. (Tiwiek, 2012:35)

Siska sing rumangsa luwih tinimbang Suminar rerasan lan nacat sakabehe polahe Suminar. Siska mikir manawa sing pantes sesandhingan karo Indarto yaiku wanita saka kutha. Wanita saka desa dirasa ora pantes sesandhingan karo pemudha kutha, gantheng tur sugih. Suminar sing rumangsa dadi rerasane wong akeh, ngrasa mindher.

Suminar sadhar manawa latar sosiale beda adoh karo Indarto mula dheweke bakal sinau babagan pasrawungan. Tumindake Suminar iki minangka wujud intelektualitase minangka wanita kang dhuwur. Dheweke ora pasrah marang kahanan, dheweke ngupaya supaya bisa salaras karo Indarto. Suminar wiwit ngupaya nyalarasake dhiri ing babagan cara nyandhang nganggo, cara cecaturan, penampilan lan sapanunggalane. Sanajan



ana rasa nggrundhel sajrone ati sakabehe kuwi bisa dibirat.

Wanita mandiri yaiku wanita sing bisa ngembangake diri ig baagan intelektual uga ekonomi. Dheweke bisa menuhi kabutuhane tanpa gumantung marang wong liya saengga dheweke bisa terus maju. Kemandhirian minanga ciri kematangan saka pawongan kang nduweni kemampuan ngupaya dhewe lan nggayuh sakabehe tujuwane.

Wujud intelektualitas saka priadhine Suminar kang bisa ngluwarake saka tumindak diskriminasi yaiku kemampuane Suminar ngembanagke bakate ing donyane pesindhen. Suminar sejatine nduweni bakat nyindhen. Awit nalika ing desane dheweke ajeg melu gladhi. Andharan iki bisa dideleng saka pethikan ing ngisor iki.

Latiane pendhak malem Setu lan malem Rebo. Manggone neng daleme Pak Lurah. Anggone mepeng latihan awit arep dilomba. Anggone arep mepeng latian awit arep dilomba. Mungsuhe kumpulan karawitan PKK saka kecamatan-kecamatan sa Kabupaten Blitar. kumpulan karawitan PKK saka Rejowinangun kuwi makili kecamatan Kademangan. Pancen padha-padha kumpulan karawitan PKK, kumpulan PKK desa Rejowinangun kalebu manjila tumrap kecamatan Kademangan.

Ing kene Suminar dhapak minangka swarawati utawa pesindhen. Swarane Suminar pancen becik. Cengkoke lemes tur awig. Nada utawa larase pas wilah. Dhasar rupane ayu. Pokoke kadidene swarawati Suminar cukup nduweni prospek becik. Kabisane nyindhen kuwi kejaba anggone entuk nalika sekolah neng SMA biyen, uga nggone meguru marang Bu Siti Aminah pesindhen senior kang wis kasustra tumrap Kabupaten Blitar. (Tiwiek, 2012:7-8)

Suminar sing sejatine nduweni bakat lan kemampuan kang mumpuni ing babagan nyindhen ora bisa ngembangake bakate sawise dheweke dirabi Indarto. Suminar sing mutusne oncat saka omah pungkasane bisa ngembanagake bakate nyindhen kasebut. Malah bisa dadi pesindhen kondhang ing tlatah Solo.

Intelektualitas ora mung gegayutan karo pendhidhikan formal nanging uga sia digayutake karo kahanan psikise paraga. Suminar sing wis ditundhung lunga dening Indarto wusanane bisa kasil lan sukses dadi pesindhen. Kejaba dadi pesindhen Suminar uga nyoba usaha bathik. Bidhang usaha iki uga kasil nekakake penghasilan tumrap Suminar. Kejaba nduweni bakat ing babagan sindhen, nyatane Suminar uga nduweni bakat ing bidhang usaha kain.

## PANUTUP

### Dudutan

Saka asile tintingan novel *Suminar* anggitané Tiwiek SA bisa didudut manawa wanita digambarake minangka makluk kang isih raket karo tumindak diskriminasi. Tumindak diskriminasi sajrone novel *Suminar* iki yaiku arupa tumindak deksiya tumrap jiwa utawa psikologis lan penelantaran tumrap wanita. Tumindak deksiya tumrap psikologis arupa tradhisi jejodhoan lan omongan kasar. Penelantaran sajrone novel iki yaiku arupa panundhunge Indarto marang Suminar kamangka nalika kuwi kudune Indarto minangka bojo aweh tanggungjawabe kanggo ngayomi lan napkahi Suminar. Faktor dominan kang bisa nuwuhake anane tumindak tumindak deksiya sajrone novel *Suminar* yaiku anane sipat *ketergantugane* wanita marang priya utawa kulawarga ing sawernane bidhang panguripan

Patriarki kang isih dumadi ing kulawarga Jawa menahi wewatesan tumrap wanita makarya ing lingkungan publik nyebabake wanita ora bisa mandhiri lan tansah gumantung marang wong tuwa lan priya. Anane pamerang pakaryan antarane wanita lan priya, yaiku priya mapan ing sektor publik lan wanita ing sektor domestik nyebabake anane ketimpangan gender kang nyebabake wanita asring diremehake lan nandang tumindak diskriminasi.

Wanita kang ora bisa mandhiri asring kena tumindak diskriminasi. Mula saka kuwi wiwit ana tumindake wanita kanggo bisa mungkasi sawernane ketimpangan kasebut. Tumindake wanita kanggo mungkasi diskriminasi kang kagambar sajrone novel *Suminar* yaiku makarya lan intelektualitas. Tumindake wanita kanggo mungkasi diskriminasi iki mligi gerakan kang asipat individual lan dudu gerakan kang asipat radikal. Feminisme kang kagambar sajrone novel iki mligi feminisme kang asipat emansipasi kang nuntut anane *persamaan* gender saengga antarane priya lan wanita bisa dipandheng sajajar. Feminisme sajrone novel *Suminar* iki durung bisa ngowahi paugeran lan tradhisi masyarakat Jawa ngenani patriarki kang asipat sistematis.

## Pamrayoga

Novel *Suminar* minangka salah sawijine reriptan fiksi kang ngandhut pitutur kang becik. Pitutur kang kinandhut sajrone novel iki yaiku wanita sejatine bisa mandhiri tanpa gumantung marang priya lan kulawargane. Wanita kang mandhiri ora ateges nglalakake kodrate minangka wanita, dheweke isih bisa nyalarasake antarane peran ing sektor publik lan domestike. Panliten iki mligi salah sawijine panliten kang nyoba menahi oncekan marang sawijine reriptan fiksi amrih pamaos bisa luwih gampang anggane mangerteni lan njarwakake crita sajrone reriptan fiksi. Sajrone panliten iki uga isih ana kekurangan-kekurangan. Mula,

panliti nyuwun pamrayoga saka para pamaos amrih sampurnane panliten iki.

#### DAFTAR PUSTAKA

Arikunto, Suharsimi. 2006. *Prosedur Penelitian: Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: PT. Rineka Cipta

Darni. 2012. *Kekerasan terhadap Perempuan dalam Fiksi Jawa Modern: Kajian New Historicism*. Surabaya: Pusat Studi Wanita Lembaga Penelitian Unesa

Geertz, Hildred. 1985. *Keluarga Jawa*. Jakarta: PT Temprint

Handayani, Christina S. & Ardian Noviyanto. 2004. *Kuasa Wanita Jawa*. Yogyakarta : Lkis Yogyakarta

Mosse, Julia Cleves. Terjemahan oleh Hartian Silawati. 2003. *Gender dan Pembangunan*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar Offset

Ratna, Nyoman Kutha. 2010. *Teori Metode Dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Pelajar

SA, Tiwiek. 2012. *Suminar*. Yogyakarta : Elmatera Publishing

Sugihastuti & Suharto. 2010. *Kritis Sastra Feminis: Teori dan Aplikasinya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar

Teeuw, A. 1984. *Sastra dan Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Dunia Pustaka Jaya

Tim. 1991. *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Jakarta : Balai Pustaka.

Ollenburger, Jane C. & Helen A. Moore. *Sosiologi Wanita*. Terjemahan oleh Budi Sucahyono & Yan Sumaryana. 2002. Jakarta : Rineka Cipta

Wiyatmi. 2012. *Kritik Sastra Feminis: Teori dan Aplikasinya dalam Sastra Indonesia*. Yogyakarta: Penerbit Ombak.

